# QARAQALPAQ HÁM INGLIS TILLERINDEGI ERKELETIWSHI-KISHIREYTIWSHI BIRLIKLERDIŃ MORFOLOGIYALIQ ÓZGESHELIKLERI

**Qumarxan Mámbetkerimovna Sársenbaeva**
*QMU 1-kurs tayansh doktorantı*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.14558347

***Annotaciya**: Bul maqala inglis hám qaraqalpaq tillerindegi diminutiv birliklerdiń morfologiyalıq ózgesheliklerin izertlewge qaratılǵan. Izertlew dawamında diminutiv birliklerdiń leksikalıq birlikler (sózler) menen bir qatarda arnawlı suffiksler menen de jasalıwı anıqlandı.*

***Tayanısh sózler:** Diminutiv birlik, subiektiv baha formaları, affiks, suffiks, kishireytiwshi ham erkeletiwshi birlikler.*

***Key words:** Diminutive units, subjective assessment forms, affix, suffix diminutive and affectionate units.*

***Ключевые слова**: диминутивная единица, формы субъективной оценки, аффикс, суффикс, уменьшительные и ласкательные единицы.*

Til biliminde sóylewshiniń predmetke, adamǵa unamlı yáki unamsız qatnasın, belgili bir poziciyada turıp bahalawdı súwretlewshi bir neshe terminlerdi ushıratamız. Olar subiektiv baha formaları, emocionallıq bahanı bildiriwshi atlıqlar, kishireytiwshi, erkeletiwshi suffiksler yamasa diminutivler. Mektep sabaqlıqlarında bul másele atlıqlardıń quramında birge úyrenilip erkeletiwshi hám kishireytiwshi atlıqlar ataması menen kóp jıllar dawamında úyrenilip keldi. Degen menen keyingi jıllarda subiektiv baha formaların yaǵnıy diminutiv birliklerdi (erkeletiwshi-kishireytiwshi birliklerdi) atlıqlardıń quramında emes, al óz aldına leksikalıq birlikler sıpatında úyreniw tendenciyası jolǵa qoyılmaqta. Sonday-aq diminutiv birliklerdi salıstırmalı izertlew búgingi kúnde lingvistikanıń aktual máseleleriniń biri bolıp tabıladı. Sebebi házirgi waqıtta inglis hám qaraqalpaq tillerinde diminutiv birliklerdi tolıq úyreniwge baǵdarlanǵan dissertaciya yamasa ilimiy maqala ushıraspaydı. Sonlıqtan biz bul jumısımızdı diminutiv birliklerdiń salıstırmalı izertleniwine baǵıshlawdı muwapıq dep taptıq.

Qaraqalpaq tiliniń grammatikasında erkeletiwshi-kishireytiwshi birliklerdi kópshilik jaǵdaylarda subiektiv baha formaları yamasa subiektiv maǵana bildiriwshi formalar dep ataydı. Al inglis til biliminde bolsa "diminutive" degen termin bar bolıp, ol "kishi" degen mánisti bildiredi. Bul másele "Házirgi qaraqalpaq tili" kitabınıń morfologiya bóliminde úyrenilgen [2. 67.68.69 bb.]

Subiektiv maǵana bildiriwshi formalar atlıq sózlerdiń keynine jalǵanıw, subiekttiń basqa adamǵa predmetke bolǵan hár qıylı qarım-qatnasın bildiriw ushın xizmet ataradı hám subiektiv maǵana bildiriwshi formalar sóz ózgertiwshi

hám sóz jasawshı affikslerden sózdiń haqıyqat (real) mánisin pútkilley ózgertip jiberedi, al subiektiv maǵana bildiriwshi formalar bolsa jańa leksikalıq mánisi bar taza sóz jasamaydı, al sol sózge qandayda bir qosımsha subiektiv maǵana beredi. Anıǵıraq aytqanda, subiektiv maǵana bildiriwshi formalar ózleri jalǵanǵan sózge emocionallıq-ekspressivlik tús beredi, sonlıqtan olar sóylewdiń kórkem hám tásirli bolıwı ushın xizmet etedi.

Ulıwma subiektiv maǵana bildiriwshi formalar tek atlıq sózlerge jalǵanıp keliwi menen hám ózleri jalǵanǵan sózlerdiń tiykarǵı leksikalıq mánisin pútkilley ózgertip jibermewi menen joqarıda kórsetip ótilgen atlıq jasawshı affikslerden ayrılıp turadı.

Bıraqta, subiektiv maǵana mánisin bildiriwshi formanı ózine jalǵap alǵan atlıq sóz kólemi hám turpatı jaǵınan sonday formanı almaǵan atlıq sózge qaraǵanda parqı bolǵan predmetti bildirgende ǵana, bul sózler óz-ara maǵanalıq jaǵınan parq etiledi. Mısalı: tóbe-tóbeshik, kitap-kitapsha degendey.

Qaraqalpaq tilinde subiektiv maǵana formasın bildiriwshi formalardan xarakterlileri bolıp kishireytiwshi hám erkeletiwshi maǵanalar bildiriwshi affiksler esaplanadı.

Kishireytiwshi hám erkeletiwshi maǵana bildiriwshi affiksler jalǵanǵan sózler hár qaysısı óz leksikalıq mánilerine qaray qosımsha ráwishte kishilikti de bildiredi, **-sha-she** forması. Bul forma túbir atlıqlarǵa jalǵanıp, predmettiń áwelgisine qaraǵanda kishkene ekenligin ańlatadı:*maydan-maydansha, sandıq-sandıqsha, tayaq-tayaqsha, qutı-qutısha, dápter-dáptershe, juldız-juldızsha, t.b.*

Geyde **–sha-she** affiksi jalǵanǵan sózler kishireyiw maǵanasın joytıp, semantikalıq jaqtan ózgeriwi nátiyjesinde jańa leksikalıq máni bildirip ketiwi de múmkin: **qızılsha, naysha, gúlshe, aysha** (Aysha degen menshikli adam atı da usı aysha degen ǵalabalıq atlıqtan kelip shıqqan). Bul sózlerdegi **–sha-she** formaları ózleriniń sóz jasawshılıq (affikslik) qásiyetin joytqan hám sonlıqtan bunday atlıqlar túbir hám affikslerge ajıralmay, usı turısında pútin bir sóz (atlıq) dep qaraladı.

**-shaq-shek-shıq-shik** formaları janlı predmetlerge de sonday-aq jansız predmetlerge de jalǵanıp tiykarınan alǵanda, kishireytiw mánilerin, sonıń menen birge geyde erkeletiw mánilerin de bildiredi. Mısalı: **qulın-qulınshaq, tay-tayınshaq, gúdi-gúdishek, ilme-ilmeshek, qap-qapshıq, úy-úyshik, kól-kólshik, tóbe-tóbeshik, úyin-úyinshik t.b.** Mısalı:

*Bir **tóbeshiktiń** qándeginde awnap atırǵan Dáwletbay biydi taptı* [3.229 b.]
*Gózzal perilerdiń xanı, meniń bildigimshe, **qapshıǵıńızdaǵı** zat soyılǵan qoy ǵoy!* [5.85 b.]

Joqarıdağı **–sha-she** formasına usap, **-shaq-shek, -shıq-shik** formaları jalǵanǵan sózlerdiń ishinde de ózleriniń kishireytiw yamasa erkeletiwshi maǵanaların joytıp, semantikalıq ózgeriske ushırawı nátiyjesinde jańa leksikalıq mánige iye bolıp ketkenleri de ushırasadı. Onday sózlerdiń qatarına **jutqınshaq, tulımshaq, kelinshek, oyınshıq, degershik, kópshik** usaǵan sózlerdi jatqarıwǵa boladı. Bul sózlerdegi **–shaq-shek-shıq-shik** formaların da sóz mánisin kishireytiwshi yamasa erkeletiwshi maǵanaların bildiriwshi qásiyetlerin joytqan hám sonlıqtan túbir jáne affikslerge ajıratılmaytuǵın, usı qáddine pútin sóz dep qaralatuǵın sózlerden esaplaǵan maqul.

**alaq-laq** forması janlı predmetlerdi (kóbinese janlı jániwarlardı) bildiretuǵın atlıq sózlerdiń keynine jalǵanıp kelip, kishireytiw hám erkeletiw maǵanaların bildiredi. **Qız-qızalaq, bota-botalaq, tay-taylaq. "Qızıl shaqalaq"** degendegi **"shaqalaq"** tıń sostavındaǵı – **laq** forması **"júda kishkene", "júda jas"** degendi ańlatadı. Mısalı:

*Qara nar laqaplı biri jer astınan shıqqanday zońq etip arannan tısqa sekirdi de, keń mańlayınıń ılaylı terin júnles bilekleri menen asıǵıs sıpırıp, **botalaqtay** dápeń denesine sáykes dombay júzindegi qara sabaqtay kishkene kózlerin qıpılıqlatıp, Dáwletnazardıń qasına keldi* [4.340 b.]

*Oraqshılar jıynalıp **qızalaqqa** Aqbiyday dep at qoydı* [3. 181b.]

**-y-ay-ey** forması tiykarınan alǵanda, tuwısqanlıq qarım-qatnastı bildiretuǵın birli-yarım atlıq sózlerdiń keynine jalǵanıp, erkeletiw maǵanasın ańlatıp keledi **aǵa-aǵay, apa-apay, sheshe-sheshey, baba-babay, ata-atay**

Qaraqalpaq tilinde bul formanıń qollanılıw órisi tar, ol joqarıda mısalǵa keltirilgen belgili muǵdardaǵı sózlerde ǵana ushırasadı. Geypara tyurkologlar bul formanı erte zamandaǵı shaqırıw sepliginiń qaldıǵı dep qaraydı. Usıǵan baylanıslı ayırım tilshi ilimpazlar bul formanı shaqırıw forması (Звательная форма) dep te ataydı [2.67-69 bb.]

Inglis tilin analiz qıla otırıp, tómendegi 5 suffiks diminutivlikti bildiretuǵının anıqladıq: **-king**, **-ling**, **-ie**, **-y**, **-o**. Inglis tilinde diminutiv birlik suffiksleri atlıq ***(son+y, girl+ie)*** hám kelbetlikke ***(sweet+ie, blue+y)*** jalǵanadı.

Sonıń menen birge, inglis tilinde bir sózge tek ǵana eki diminutiv suffiksleri qosıladı: *aunt+y, aunt+ie* [1.724-727 bb.]

Geypara jaǵdaylarda erkeletiw maǵanası adamnıń qádirli anatomıyalıq múshelerin bildiretuǵın sózlerdiń keynine tartım affiksleri (ádette I betiniń forması) jalǵanıwınan da ańlasıladı. Mısalı: **bawırım, janım, qarar kózim, shıraǵım, qaraǵım** t.b. Bul sózlerdegi ım-im formasın haqıyqat tartım mánisin bildirip turǵan tartım forması dep qaramay, erkeletiw maǵanasın ańlatıp turǵan subiektiv maǵana forması dep qaraǵan maqul. Mısalı:

***Qaraǵım**, Mırjıq, sen anamızdıń "sútqurtqan" genjetayısań* [4.188 b.]

*Qolları gúl, **shıraǵım**, harma! –dep, kelip sumkasın qoya sala maǵan gerbish áperisedi* [6.218 b.]

*Joq, **janım**, óydeme. Házirgi xan onday emes* [ 4.255 b.]

Inglis tilinde diminutivler jay sózler ***(sugar-mazalım)*** yamasa qospa sózler ***(cupcake-map-mazalım)*** arqalı da beriliwi múmkin.

Sonıń menen qatar qaraqalpaq tilinde geypara jaǵdaylarda adam atların qısqartıp aytıw arqalı da hám sonday-aq adamnıń tolıq atların qısqartıp yáki tek dáslepki buwınınıń keynine házirgi tilimizde affiks halına túsip qalǵan "**áke"** sózin qosıp aytıw arqalı da erkeletiw maǵanaları ańlasıladı. Máselen **Biybixatsha**, **Biybijamal** degen atlardı **Biybish** dep qısqartıp aytıp erkeletiw maǵanasın bildiedi **Atamurattı-Ateke**, **Tazagúldi-Tazash**, **Jıǵagúldi-Jıǵash** dep aytıwda usı adamlardıń tolıq atların qısqartıw arqalı oǵan erkeletiw maǵanasın beriw ushın islengen. Sonday-aq bul qubılıs inglis tilinde de bar bolıp, menshikli adam atların qısqartıw arqalı da diminutivler jasaladı: Barbara atı Bab, Rebecca atı Beck, Catherine atı Kitty, Elizabeth atı Beth, Susan atı Susie, John atı Johnny, Robert atı Robby, Lydia atı Lizzy dep erkeletip shaqırıladı. Mısalı:

*Now, **Kitty** you may cough as much as yo choose, said Mr.Bennet (Jane Austean).*

*"But I can assure you", she added, "that **Lizzy** does not lose much by not suiting his fancy; (Jane Austean).*

Juwmaqlap aytqanda, inglis hám qaraqalpaq tilleri shıǵısı jaǵınan túrli tiller sistemasına kirse de, olardıń uqsaslıqları hám ózgeshelikleri oqıwshılardı bul 2 til grammatikasın úyreniwge ele de túrtki boları sózsiz.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Bekbawlova O.K, Kdirbaeva G.K. Diminutiv birliklerdiń sáwleleniw dúnyanıń til kórinisinde //ÓZBEKISTONDA FANLARARO INNOVATSIYALAR VA ILMIY TADQIQOTLAR JURNALI 14-SON 20.12.2022.
2. Házirgi qaraqalpaq tili. Morfologiya. – Nókis: Qaraqalpaqstan. 1981.
3. T.Qayıpbergenov. Qaraqalpaq dástanı Maman biy ápsanası (Birinshi kitap). – Nókis: Bilim, 2018.
4. T. Qayıpbergenov. Qaraqalpaq dástanı. Trilogiya. Baxıtsızlar. Ekinshi kitap. – Nókis: Bilim, 2018.
5. T.Qayıpbergenov. Tánha ózińe málim sır. – Nókis: Bilim, 2018.
6. T. Qayıpbergenov. Suwıq tamshı. (povest). – Nókis: Bilim, 2018.